



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 7 Mathematics Test, Book 1**  
**March 9–13, 2009**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **7**

**9–13 mas 2009**



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysed.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.



## Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki sifas rektang ki anba a, an santimèt kare?




- A 15
- B 17
- C 30
- D 34

## Egzanp B



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang  $x$  yo montre anba a?



- A  $30^\circ$
- B  $45^\circ$
- C  $90^\circ$
- D  $150^\circ$

**RETE LA**



**1** Ki ansanm ki gen nonb antye sèlman ladan l?

**A**  $\{0, 3, 8, 17\}$

**B**  $\{0, \sqrt{3}, \pi, 5\}$

**C**  $\{-5, 0, 3, 8\}$

**D**  $\left\{2, \frac{9}{2}, 7, \frac{25}{3}\right\}$

**2** Tablo ki pi ba a montre kantite odinatè yon konpayi te vann pandan kat ane diferan.

### ORDINATÈ YO VANN

Ane	Odinatè Yo Vann
2002	$3.2 \times 10^5$
2003	$8.4 \times 10^3$
2004	$5.9 \times 10^5$
2005	$1.2 \times 10^4$

Nan ki ane konpayi an te vann plis odinatè?

**A** 2002

**B** 2003

**C** 2004

**D** 2005

***Kontinye***

3

Ki sipèfisi, an santimèt kare, yon prism rektangilè ki gen yon longè de 10 santimèt, yon lajè de 5 santimèt, ak yon wotè de 6 santimèt?


$$\text{Sipèfisi} = 2wl + 2lh + 2wh$$

- A 140
- B 160
- C 280
- D 300

4

Aprè lekòl, manm klìb oto yo konte koulè oto ki te pake nan plas estasyonen lekòl la. Yo anrejistre done yo sou istogram ki pi ba a.

**OTO NAN PAKIN  
LEKÒL LA**



Dapre enfòmasyon ki sou graf la, ki fraz ki kòrèk?

- A Gen plis oto nwa pase oto wouj.
- B Gen plis oto nwa pase oto ble.
- C Gen plis oto ble pase oto wouj.
- D Gen plis oto ble pase oto nwa.

**5**


Mas yon sak pòm detè se 4,5 kilogram. Ki mas sak pòm detè a, an gram?

$$1 \text{ kilogram} = 1.000 \text{ gram}$$

- A 45
- B 450
- C 4.500
- D 45.000

**6**

Figi ki anba a se yon prism rektangilè.



[pa trase selon echèl la]

Ki deklarasyon ki vre konsènan fas prism lan?

- A Tout fas yo kare.
- B Okenn nan fas yo kare.
- C Se sèlman de nan fas yo ki kare.
- D Se sèlman kat nan fas yo ki kare.

***Kontinye***

**7**

Eva fè yon sondaj sou anpil elèv nan yon sal sinema pou konnen ki aktivite yo pito fè lewikenn. Tablo ki anba a montre rezilta sondaj li a.

### AKTIVITE YO PITO FÈ LEWIKENN

Aktivite	Kantite Elèv
Li liv	16
Jwe espò	24
Jwe jwèt videyo	30
Gade film	130

Dapre rezilta sondaj li a, Eva konkli ke aktivite pifò nan elèv yo pito fè lewikenn se gade film. Ki deklarasyon ki dekri **pi byen** konklizyon Eva a?

- A** Konklizyon Eva a **pa** valab paske li fè sondaj la sou elèv sèlman.
- B** Konklizyon Eva a valab paske li fè sondaj la sou anpil elèv.
- C** Konklizyon Eva a valab paske li fè sondaj la sou elèv ki soti nan plizyè lekòl.
- D** Konklizyon Eva a **pa** valab paske li fè sondaj la sou elèv ki te nan yon sal sinema.

**8**

Mas yon gout lapli nòmal se  $8,7 \times 10^{-5}$  gram. Kisa  $8,7 \times 10^{-5}$  ye sou fòm estanda?

- A** 870.000
- B** 0,000087
- C** 8.700.000
- D** 0,0000087

**9**

Ki zouti ki ta **pi apwopriye** pou Natasha itilize lè lap chèche mas yon melon?

- A balans
- B règ an pous
- C mèt
- D tas amezire

**10**

Senplifye ekspresyon  $(-4)(3)(-1)(-2)$ .

- A 4
- B -4
- C 24
- D -24

**11**

Dennis achte 5,5 lit soda pou yon fèt. Konbyen mililit ki ekivalan a 5,5 lit?

1 lit = 1.000 mililit

- A 55
- B 550
- C 5.500
- D 55.000

***Kontinye***

**12**

Hiral ap fè yon esperyans kote l seleksyone owaza mab ki gen diferan koulè nan yon bokal. Rezilta esperyans li yo prezante nan tablo ki anba a.

Koulè Mab la	Frekans
Vèt	5
Ble	11
Wouj	8
Jòn	1

Dapre done a, ki pwobabilite ke pwochen mab Hiral seleksyone a pral ble oswa wouj?

**A**  $\frac{1}{25}$

**B**  $\frac{6}{25}$

**C**  $\frac{19}{25}$

**D**  $\frac{24}{25}$

**13**

Breanna ap fè rechèch sou dansite siwo mayi pou yon esperyans syantifik. Li jwenn ke mas 50 mililit siwo mayi se 69 gram. Ki dansite siwo mayi a, an gram pa mililit?

$$\text{Dansite} = \frac{\text{Mas}}{\text{Volim}}$$

**A** 119

**B** 1,38

**C** 3.450


**D** 0,7246

- 14** Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$|7 - 3^2| + 4$$

- A** 2
- B** 3
- C** 5
- D** 6

- 15** Graf ki pi ba a montre pwofi yon restoran fè chak ane pou 5 an.



Ki ane ki te gen **pi gwo** ogmantasyon nan pwofi pase ane anvan an?


- A** 2003
- B** 2004
- C** 2005
- D** 2006

***Kontinye***

**16** Ki nonb antye ki se rasin kare 169?

- A** 12
- B** 13
- C** 14
- D** 15

**17** Figi ABCDEF reprezante sou plan koòdone ki anba a.



**LEJANN**  
□ = 1 inite kare

Ki sifas figi a, an inite kare?

- A** 40
- B** 34
- C** 26
- D** 25

**18**

Tablo ki anba a montre tanperati ki ba yo, an degre Farannayt ( $^{\circ}\text{F}$ ), nan vil Millie a pandan 5 jou nan mwa fevriye a.

**TANPERATI KI BA  
NAN MWA FEVRIYE A**

Jou	Tanperati
Lendi	$5^{\circ}\text{F}$
Madi	$8^{\circ}\text{F}$
Mèkredi	$12^{\circ}\text{F}$
Jedi	$7^{\circ}\text{F}$
Vandredi	$2^{\circ}\text{F}$

Ki entèval done ki nan tablo a, an degre Farannayt?

- A  $2^{\circ}$
- B  $7^{\circ}$
- C  $10^{\circ}$
- D  $12^{\circ}$

**19**

Longè chak kote yon kib se 2,05 santimèt de longè. Ki pi bon **estimasyon** sipèfisi kib la, an santimèt kare?

$$\text{Sipèfisi} = 6s^2$$

- A 16
- B 24
- C 32
- D 48

***Kontinye***

**20** Ki pi gran faktè komen (GCF) 450 ak 735?

- A** 3
- B** 5
- C** 15
- D** 35

**21** Kat elèv te di davans konbyen tan lap pran yo pou yo kouri toutotou yon blòk nan vil la. Tablo ki anba a montre prediksyon yo ak vrè lè yo.

Elèv	Tan li te di davans (an segonn)	Vrè Tan an (an segonn)
Angie	74	63
Rachael	61	70
Thomas	68	76
Jordan	65	72

Ki elèv ki rive fè vrè tan ki pi pre tan li te di davans lan?

- A** Angie
- B** Rachael
- C** Thomas
- D** Jordan

**22** Ki ekspresyon ki reprezante 16 pliske 5 fwa yon nonb,  $n$ ?

**A**  $5n + 16$

**B**  $5n - 16$

**C**  $16n + 5$

**D**  $16n - 5$

**23** Tanperati  $a$ , an degre Farannayt ( $^{\circ}\text{F}$ ), diminye a yon to konstan de  $0^{\circ}\text{F}$  jouk rive  $-35^{\circ}\text{F}$  nan 5 èdtan. Pa konbyen degre tanperati  $a$  te diminye **pa** è?

**A**  $5^{\circ}$

**B**  $7^{\circ}$

**C**  $30^{\circ}$

**D**  $35^{\circ}$

**24** Yon bwat jwèt gen yon volim de  $\frac{1}{3}$  yad kib. Ki volim bwat jwèt sa a an pye kib?

$1 \text{ yad kib} = 27 \text{ pye kib}$
--

**A** 1

**B**  $\frac{1}{9}$

**C**  $\frac{1}{81}$

**D** 9

***Kontinye***

**25**

Sarah di davans ke 15 pousan nan tout zwezo lap wè yo pandan lap obsève zwezo yo, pral zwezo woben. Nan fen jounen an, li anrejistre ke 10 nan 25 zwezo li te obsève yo te zwezo woben. Kouman prediksyon Sarah a ka konpare avèk vrè rezilta yo?

- A** Previzyon Sarah a twò ba.
- B** Previzyon Sarah a twò wo.
- C** Previzyon Sarah a pasa konpare ak vrè rezilta yo.
- D** Previzyon Sarah a egzakteman menm jan ak vrè rezilta yo.

**26**

Si sikonferans yon sèk double, kouman dyamèt sèk la chanje?

- A** Dyamèt la rete menm jan.
- B** Dyamèt la vin mwatye longè.
- C** Dyamèt la vin defwa pi long.
- D** Dyamèt la vin kat fwa pi long.

**27**

Peter gen 6 chanday, 4 abako, ak 3 pè soulye. Konbyen kantite teni diferan Peter ka fè avèk yon chanday, yon abako, ak yon pè soulye?

- A 13
- B 36
- C 72
- D 144

**28**

Claire vle jwenn mas malèt li a. Ki inite mezi ki ta **pi bon** pou l itilize?

- A tòn
- B lit
- C mètr
- D kilogram

**29**


Ki ekwasyon ki reprezante twa mwens senk fwa yon nonb se douz?

- A  $3 - 5x = 12$
- B  $5x - 3 = 12$
- C  $5(3 - x) = 12$
- D  $5(x - 3) = 12$


***Kontinye***

30


Ki fòm ki konpoze baz la e ki fòm ki konpoze fas figi ki anba a?




A




B



C



D



**RETE LA**









**Ane 7**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**9–13 mas 2009**

**Grade 7**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 9–13, 2009**